



Pou Piblikasyon Imedya: 08/28/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PLIS PASE \$9 MILYON NAN FINANSMAM FEDERAL POU REKIPERASYON TANPÈT RESTORE POU VIL LONG BEACH

### *Finansman Federal pou rekiperasyon gwo tanpèt Sandy te apwouve pa apèl Divizyon Sekirite Enteryè Eta ak Sèvis Ijans ak Vil Long Beach*

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke Ajans Jesyon Ijans Federal la te restore plis pase \$9 milyon ke yo te refize anvansa nan pwogram finansman asistans piblik pou ranbouse Vil Long Beach pou yon pwojè pou rebati zòn pwomnad li ki te sibi gwo domaj apre gwo tanpèt Sandy. Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans Eta New York te mennen efò pou ranvèse refi inisyal finansman epi asire ke vil la te resevwa finansman federal konplè pou pwojè li yo.

“Sit pwomnad sa a se kè ekonomik, kiltirèl ak sosyal Long Beach ak restorasyon l apre Sandy te yon pati ki esansyèlman enpòtan nan rekiperasyon Long Island apre tanpèt la,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen kontan paske finansman sa a te restore a jis tit pou yon sit pwomnad ki, tankou kominote a, pi bon, pifò ak pi entelijan pase anvan.”

Gwo tanpèt Sandy te koze gwo domaj nan Vil Long Beach enkli andomaje entansivman preske 75 pousan nan zòn pwomnad la ak 85 pousan nan strikti sistèm sipò a. Apre tanpèt la, Vil Long Beach te rebati pi byen nan ranplase platfòm sit pwomnad la ak kadraj avèk materyèl ki pi rezistan. Yo te ajoute yon karakteristik pou kontwole dega pou redwi enpak vag tanpèt pou alafwa zòn pwomnad la avèk bilding ki akote li a. Finansman federal la pral kouvri 90 pousan nan depans pwojè vil la, pandanke eta pral finanse rès 10 pousan an.

**Komisyonè Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans Eta New York John P. Melville te deklare,** “Retounen fon sa yo nan Long Beach se yon lòt etap nan rekiperasyon alontèm yo. Restorasyon fon sa yo enpòtan pou sante finansye vil la. Mwen kontan paske eta, Long Beach ak FEMA te ka travay ansanm pou re-etabli motè ekonomik enpòtan nan rejyon an.”

**Depite Kathleen Rice te deklare,** “Sit pwomnad Long Beach te yon senbòl sou danje ke Sandy te enflije sou kominote Long Beach, e kounye a li se yon senbòl de rezistans ak angajman nou pou rebati pi byen ak pi solid pase anvan. Mwen kontan dèske yo te restore tout lajan federal yo pou ede kouvri pri pou rebati sit pwomnad la, e mwen pral

travay pou m asire ke kominote yo nan distri nou an jwenn resous yo bezwen pou rekipere koplètman de tanpèt la.”

**Manm Asanble Todd Kaminsky te deklare,** “Sit pwomnad Long Beach se non sèlman yon senbòl kominote nou an, men tou se yon kote ideyal pou lwazi ak atraksyon prensipal pou touris nan gwo vil nou an. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo ak DHSES paske yo te travay di anpil avèk gouvènman federal la pou restore fon sa yo a Vil Long Beach, ki toujou ap rekipere de gwo tanpèt Sandy.”

**Egzekitif Konte Nassau Ed Mangano te deklare,** “Sit pwomnad Long Beach se yon senbòl sou efò rekiperasyon dramatik ki te antreprann pa kominote Long Beach apre gwo tanpèt Sandy. Mwen felisite Gouvènè Cuomo paske li te travay san relach pou garanti fon Federal sa yo pou vil nou an pa lanmè.”

**Prezidan Konsèy Long Beach Len Torres te deklare,** “Sa a se yon vitwa enòm pou kontribiyab Long Beach yo. Kòm 88 pousan nan rezidan nou yo mande l, nap bati yon sit pwomnad ki pi solid, pi entelijan ak pi ansekirite pou reziste a pwochen tanpèt yo. Nou kontan dèske yo te tande apèl nou an e ke FEMA kounye a pral peye pou bwa dirab epi kenbe miray ki te fè sit pwomnad nou an vini youn ki bati pou l dire.”

**Manadjè Vil Long Beach Jack Schnirman te deklare,** “Nou rekonesan pou tout lavi a Gouvènè Cuomo paske li te kanpe dezan de sa lè FEMA refize peye pou tout sit pwomnad la. Anplis, Gouvènè Cuomo te deplwaye Depatman Deta Sekirite Enteryè pou ede nou nan apèl nou an. Gouvènè Cuomo ak Senatè Schumer yo toulède te patnè enkwayab, defann nou, nan chak etap nan wout la, nan batay long nou an pou rekipere de Sandy, e nou apresye sa sensèman sou asistans enkwayab yo.”

Pwogram Asistans Piblik Ajans Jesyon Ijans Federal la bay asistans a eta, lokal, tribi ak sèten òganizasyon non-pwofi pou rekipere apre ke Prezidan an fin deklare yon katastwòf.

### **Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans**

[Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans](#) ak kat biwo li yo -- Anti-teworis, Jesyon Ijans, Prevansyon ak Kontwòl Dife, ak Entèwoperab ak Kominikasyon Ijans -- bay direksyon, kowòdinasyon ak sipò pou efò prevansyon, pwoteje kont, prepare pou, reponn a, ak rekipere kont teworis ak lòt katwastwòf natirèl ak sa moun fè, menas, dife ak lòt ijans yo. Pou w jwenn plis enfòmasyon, vizite Divizyon [Facebook](#), swiv [@NYSDHSES](#) sou Twitter, owa vizite [dhses.ny.gov](http://dhses.ny.gov).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418